# Shımbay orayındaǵı jáne bir kóshe asfaltlandı

Shımbay rayonında «Abat awıl» hám «Abat máhálle» mámleketlik baǵdarlaması sheńberinde ishki xojalıq jollarında qurılıs-ońlaw hám abadanlastırıw jumısları alıp barılıp atır.

Image not found or type unknown

Shımbay rayonı jollardan paydalanıw unitar kárxanası tárepinen Jipek jolı MPJ aymaǵındaǵı Ámir Temur kóshesinde mámleketlik baǵdarlama sheńberinde kúndelikli ońlaw jumısları esabınan jańadan asfalt tóselmekte. Aytıp ótiw orınlı, MPJ aymaǵınan jámi 5 kóshe baǵdarlamaǵa kirgizilgen bolsa, sonnan 2 kóshege asfalt, 3 kóshege ShPS tóseliwi rejelestirilgen. Bunnan tısqarı rayondaǵı Orjap MPJ aymaǵındaǵı 12 kóshe, Qızılózek APJ aymaǵınan 16 kóshe, hám basqa da bir qatar awıl hám mákan puqaralar jıyınları aymaǵındaǵı ishki xojalıq jollarında ońlaw jumısların alıp barıw belgilengen.

Sonday-aq, Shımbay rayonı jergilikli byudjet qarjıları esabınan 20 kóshede ońlaw jumısların alıp barıw rejelestirilgen.